ПРЕСС-ТУР

# БАЛАЛАР САЛАМАТЛЫҒЫ МӘМЛЕКЕТ ҚОРҒАЎЫНДА



**Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 7-июльдеги «Қарақалпақстан Республикасында 2022-2024-жылларда халықтың саламатлығын қорғаўды буннан былай да күшейтиў ҳаққында»ғы ПҚ-310-санлы қарарына муўапық, Хожели районында 80 орынлық Балалар фтизиатрия санаториясы шөлкемлестирилди.**

Бул жерде емлениўшилерге шыпакерлер тәрепинен медициналық тексериўлер өз ўақтында өткерилип, зәрүр дәри-дәрмақлар ҳәм керекли емлеўлер диагноз тийкарында өз ўақтында толық әмелге асырылмақта. Қосымша кеселликлерди емлеўде витаминлер, зәрүр болғанда антибиотиклер ҳәм физиотерапия буйырылады. Буннан тысқары санаторияда рентген, лаборатория, стоматология ханалары бар.

Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги тәрепинен ғалаба хабар қураллары ўәкиллери ушын Қарақалпақстан Республикасы балалар фтизиатрия санаториясында пресс-тур шөлкемлестирилди.

Әнжуманда санаторияның бас шыпакери Генжемурат Бабажанов бул жердиң бурынғы ҳәм ҳәзирги турмысы, жумыс алып барыў тәртиби ҳәм балалар ушын жаратылған шараятлар менен жақыннан таныстырып, журналистлерге кең түрде мағлыўматлар берди.

— Қарақалпақстан Республикасы балалар фтизиатрия санаториясы 4 жастан 18 жасқа шекемги туберкулёздиң актив ҳәм сөниўши формалары менен кеселленген балаларға мөлшерленген болып, балалардың емлениў мүддети кеселликтиң диагнозы ҳәм фазаларына байланыслы. Санаторияда балалар бөлим шыпакерлериниң көрсетпелери тийкарында, белгиленген меню бойынша 5 мезгил аўқатланады,- дейди бас шыпакер Генжемурат Бабажанов. — Меню талаплары Өзбекстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлигиниң 1993-жылғы 122-санлы буйрығы тийкарында дүзилип, ҳәр шеректе районлық санитариялық-эпидемиологиялық қадағалаў орайы тәрепинен азық-аўқатлардың калориялық, химиялық қурамы тексерип барылады.

Санаторияға емлениў ушын балалар Республикалық фтизиатрия ҳәм пульмонология орайы, районлық ҳәм қалалық туберкулёзге қарсы диспансерлери, кабинетлер шыпакерлериниң жолламасы менен келеди.

Илажда атап өтилиўинше, санаторияда 2024-жыл даўамында 514 бала, 2025-жылдың 8 айында 443 бала саламатландырылған. Балалар ушын ҳәр бир қабатта ҳәжетхана, жуўыныў, шешиниў ҳәм душ қабыл етиў, қызлар ушын гигиена ханалары бар. Балалардың оқыўдан бос ўақытларында дем алыўы ушын ҳәр бир қабатта телевизорлар, музлатқышлар ислеп тур. «Меҳрибан инсанлар» қоры тәрепинен балалардың бос ўақытларын мазмунлы өткериўине дем алыў ҳәм ойнаў ушын хана шөлкемлестирилген.

Санаторияда емлениў менен бир қатарда балаларға улыўма билим бериў де жолға қойылған.

Мектепте 1-класстан 11-классқа шекем барлық пәнлер бойынша кабинетлер керекли әнжамлар менен үскенеленген. Онда 24 муғаллим ҳәм 4 тәрбияшы жумыс алып барады. Балалардың оқыў ҳәм сабақтан бос ўақытларынан мазмунлы өткериўи ушын мектепте ҳәр қыйлы пән дөгереклери менен биргеликте көркем-ҳәўескерлик дөгереги жумыс алып барады.

Оқыўшылар санаторияда өткерилетуғын барлық байрам концерт бағдарламаларында белсене қатнасып, дем алыс ўақытлары қала бойлап экскурсия ҳәм театрларға алып барылады.

Илажда журналистлер тәрепинен санаторияның жуўапкер басшыларына бир қатар сораўлар берилип, оларға тийисли жуўап алды.

**Әдилбай ОРАЗОВ,
Қарақалпақстан хабар агентлиги шолыўшысы.**

ШЫПАКЕРДИҢ КЕҢЕСИ

# АИВ ИНФЕКЦИЯСЫНАН САҚЛАНАЙЫҚ

Әлбетте, бизиң көпшилигимизде АИВ (ВИЧ) пенен АИЖС (СПИД) екеўи бирдей кеселлик пе, деген саўал пайда болары сөзсиз. АИВ инфекциясы — бул кеселликтиң дәслепки басқышы болып, бунда адамлар ҳәтте, өзлериниң инфекцияны жуқтырып алғанын да билмей, кеселликтиң ҳеш қандай белгилери болмағанлықтан арамызда дени саў адамдай болып жүре береди. Бул инфекцияны жуқтырып алғанлар вирус тасыўшы есапланып, ол өмириниң ақырына дейин сақланып қалады. Кеселликтиң жасырын дәўири бес-он жылға шекем даўам етип, вирус тасыўшылар кеселликти өзлери билмеген ҳалда басқаларға жуқтырып жүре бериўи мүмкин. Егер, тез-тез жуқпалы кеселликлерге бериliўшең болып қалған жағдайда (мысал ушын грипп, диарея, герпес вирусы, стоматит, тери ҳәм жынысый органлардың созылмалы кеселликлери) АИВ инфекциясына қан тапсырып нәтийжесин билиўге болады. АИВ инфекциясы тек ғана лаборатория усылында қан анализин тапсырыў арқалы анықланады. Республикамыз аймағында районлар аралық лабораториялар жумыс алып бармақта, буннан басқа да қала ҳәм районларда медицина бирлеспесине қараслы көп тармақлы поликлиникаларда да бийпул қан анализлерин тапсырыў мүмкин. Нәтийже қандай болыўына қарамастан бул сыр сақланады. АИВ инфекциясының алдын алыў ушын ҳәр бир адам жоқарыдағы жуғыў жолларынан өзлерин сақлай билиўи, өмирлик жолдасына садық болып жасаўы, жаман иллетлерден өзлерин тыя билиўи, тосаттан болатуғын жынысый қатнасықлардан сақланыўы керек болады. Буннан басқада жеке ҳәм жәмийетлик гигиена қағыйдаларына турақлы түрде бойсыныў ҳәм оларға әмел етиў, бир мәрте қолланылатуғын шприц ҳәм ийнелерден, және де толық зыянсызландырылған медициналық ҳәм медициналық емес инструментлерден пайдаланыў, қан ҳәм оның компонентлерин қолланыўдан алдын АИВ инфекциясына тексериўден өтиў, шет мәмлекетлерге жумыс ислеўге барыўшы пуқаралар ҳәр бир барып келгенинен кейин турақлы түрде жергиликли поликлиникаларға барып, АИВ инфекциясына қан тапсырып тексериўден өтиўи лазым, жаслар турмыс қурмастан алдын жергиликли емлеўханаларда медициналық тексериўден өтип ҳәм АИВ инфекциясына қан тапсырып, тексериўден өтиўи шәрт. Ҳәзирги ўақытта АИЖС-ке қарсы гүресиў орайында пуқаралар ушын аноним ҳәм исеним ханалар хызмет көрсетпекте.

**Үмитай ТӨЛЕПБЕРГЕНОВА,
ҚР АИЖСке қарсы гүресиў орайы шыпакери.**

# ӘМИЎДӘРЬЯ РАЙОНЫНДА КӨШПЕЛИ СУД ӨТКЕРИЛДИ



Жынаят ислери бойынша Әмиўдәрья районы судының баслығы Ж.Балтабаевтың басшылығында, судья жәрдемшиси Е.Жуманиязов, Әмиўдәрья районы прокурорының аға жәрдемшиси ҳәм районлық ИИБ пробация топарының аға инспекторының қатнасыўында усы райондағы Бай аўыл мәҳәллесиниң ҳәкимшилик имаратында ашық көшпели суд мәжилиси шөлкемлестирилди.

Онда Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 73-статьясына тийкарланып (жазаны өтеўден мүддетинен алдын шәртли азат етиў) алдын жынаят ислеген, бирақ, дүзелиў жолына беккем өткен, белгиленген тәртип-қағыйдаларға әмел етип, мийнетке ҳадал қатнаста болған 10 судланыўшы жазаның өтелмей қалған бөлегинен мүддетинен алдын шәртли азат етилди.

Сондай-ақ, қамақтағыларға жазаны мүддетинен алдын шәртли түрде азат етилиўи, олардың мойнынан толық жуўапкершиликти алып тасламайтуғыны, егер, жазаның өтелмеген бөлеги даўамында билқастан және жынаят ислесе, Жынаят кодексиниң 60-статьясы (бир неше ҳүким бойынша жаза тайынлаў) қағыйдаларына муўапық жаза тайынланатуғыны атап өтилди.

Бундай көшпели суд мәжилислери қамақтағылар ҳәм жәмийет ағзаларының санасында нызам үстинлигин беккемлеў, қайта тәрбиялаў процесинде ҳуқықый мәдениятты арттырыў және жынаят жолынан қайтқанларға жәмийетке қайтыў имканиятын жаратыўға хызмет етеди.

**Қарақалпақстан хабар агентлиги.**

# ХАБАРЛАНДЫРЫЎ ҲӘМ ДАҒАЗАЛАР

**Қарақалпақстан медицина институты сайлаў мүддети питкен бас турған төменде аты көрсетилген кафедралар ушын таңлаў өткерилетуғынлығын жәриялайды.**

| № | Кафедралар аты | Таңлаўда дағаза етилген лаўазымлар | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Кафедра баслығы | Доцент | Аға оқытыўшы | Ассистент, оқытыўшы |
| 1 | Анатомия, клиник анатомия ҳәм гистология кафедрасы | - | - | - | 2 |
| 2 | Физиология, биофизика ҳәм медицинада мәлимлеме технологиясы кафедрасы | - | - | - | 2 |
| 3 | Педиатрия кафедрасы | - | - | - | 2 |
| 4 | Шанарақ медицинасы ҳәм ишки кеселликлер кафедрасы | - | - | - | 2 |
| 5 | Медициналық биология ҳәм микробиология кафедрасы | - | - | - | 2 |
| 6 | Фармакология ҳәм фармацевтикалық технология кафедрасы | - | - | 1 | 1 |
| 7 | Патология кафедрасы | - | - | - | 2 |
| 8 | Гигиена ҳәм қоршаған орталық, эпидемиология кафедрасы | - | 1 | - | 3 |
| 9 | Превентив медицина тийкарлары, халық медицинасы ҳәм неврология кафедрасы | - | - | - | 2 |
| 10 | Ишки кеселликлер пропедевтикасы, эндокринология ҳәм психиатрия кафедрасы | - | - | - | 2 |
| 11 | Оториноларингология, офтальмология, онкология ҳәм медициналық радиология кафедрасы | - | - | 1 | 1 |
| 12 | Акушерлик, гинекология ҳәм неонатология кафедрасы | - | - | - | 1 |
| 13 | Стоматология кафедрасы | - | - | - | 3 |
| 14 | Жуқпалы кеселликлер ҳәм дермотовенерология кафедрасы | - | - | - | 2 |
| 15 | Хирургиялық кеселликлер ҳәм трансплантология кафедрасы | - | - | - | 2 |
| 16 | Балалар хирургиясы, травматологиясы, анестезиология ҳәм реанимациясы кафедрасы | - | - | - | 2 |

**Еслетпе**: Жоқарыдағы таңлаўда дағаза етилген орынларға Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2015-жыл 25-августағы 246-санлы «Жоқары билимлендириў мәкемелерине педагог хызметкерлерди таңлаў тийкарында жумысқа қабыллаў тәртиби ҳаққында»ғы қарары талапларына тийкарларып қатнасыў мүмкин.

Таңлаўда қатнасыўды қәлеўшилер тәрепинен ректордың атына арза, кадрларды есапқа алыў бойынша жеке ис қағазы, дипломлардың тастыйықланған көширмеси, илимий мийнетлери дизими ҳәм қәнигелигин жетилистиргени ҳаққында гүўалығының нусқасы тапсырылады.

Ҳүжжетлер газетада дағаза жәрияланған күннен баслап бир ай мүддет ишинде қабыл етиледи.

Таңлаў шәртлери бойынша қосымша мағлыўматларды ҚМИ Кеңесинен билиўиңизге болады.

**Мәнзилимиз: Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 106-жай. Телефон: (61) 222-84-32.**

# «ТӨРТКҮЛ ПАХТА ТАЗАЛАЎ» АКЦИОНЕРЛИК ЖӘМИЙЕТИ АКЦИОНЕРЛЕРИНИҢ ДЫҚҚАТЫНА!

**«Төрткүл пахта тазалаў» акционерлик жәмийети акционерлериниң нәўбеттен тысқары улыўма жыйналысы 2025-жыл 15-октябрь күни саат 11:00де ҚР Төрткүл районы, Беруний көшеси 1-жай, жәмийеттиң ҳәкимшилик имаратының мәжилислер залында өткерилетуғынлығын мәлимлеймиз.**

Жыйналыс қатнасыўшылары саат 10:00ден баслап дизимге алынады. Жәмийеттиң рәсмий веб-сайты: www.tortkulpaxta.uz

## КҮН ТӘРТИБИНДЕГИ МӘСЕЛЕЛЕР

1. Акционерлердиң нәўбеттен тысқары улыўма жыйналысының регламенти ҳәм санақ комиссиясы қурамын тастыйықлаў.
2. «Төрткүл пахта тазалаў» акционерлик жәмийетин «Беруний пахта тазалаў», акционерлик жәмийетине қосып алыў мәселеси.
3. Қосып алыў шәртнамасын тастыйықлаў.
4. Тапсырыў актин (далолатнама) тастыйықлаў.
5. Акцияларды қайтарып сатып алыў мәселеси.

Жәмийет акционерлериниң реестри қәлиплестирилген сәне.

- улыўма жыйналысты өткериў ҳаққында хабардар етиў ушын акционерлер реестри 2025-жыл 16-сентябрь сәнесине.
- акционерлер улыўма жыйналысына қатнасыў ҳуқықына ийе жәмийет акционерлериниң реестри болса 2025-жыл 9-октябрь сәнесине белгиленеди.

Акционерлер өзлери менен шахсты тастыйықлаўшы ҳүжжет паспорт ҳәм де олардың ўәкиллери болса Өзбекстан Республикасы нызамшылығында белгиленген тәртипте рәсмийлестирилген исенимнама менен келиўи шәрт (физикалық шахслар ушын нотариус тәрепинен тастыйықланған, юридикалық шахслар ушын юридик шахс тәрепинен берилген).

Акционерлердиң жыллық улыўма жыйналысында көрип шығылатуғын күн тәртибиндеги мәселелер бойынша мағлыўматларды «Төрткүл пахта тазалаў» акционерлик жәмийетинде танысыўлары мүмкин. Акционерлерден акцияны қайтарып сатып алыў «Акционерлик жәмийетлери ҳәм акционерлердиң ҳуқықларын қорғаў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы нызамының 40 ҳәм 41-статьялары талапларына муўапық әмелге асырылады. Акциялар базар баҳасында 23 469 сумнан қайтарып сатып алынады («Төрткүл пахта тазалаў» АЖниң бир дана акциясы «XORAZM EXPERT BAHOLASH» ЖШЖ баҳалаўшы шөлкеми тәрепинен 23 469 сумға баҳаланған).

Акционерлер қосымша мағлыўмат алыў ушын төмендеги мәнзилге мүрәжат етиўлери мүмкин.

**Қарақалпақстан Республикасы, Төрткүл районы, Беруний көшеси 1-жай.
Электрон почта: turtkuloqoltin@inbox.uz. Телефон: (97) 788-07-77.**

«Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2025-жыл 20-сентябрь күнги 93-94- (21272) қоспа санында Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң жәриялаған дағазасындағы доцент лаўазымына деген қатарына «Қала қурылысы ҳәм хожалығы (транспорт логистика)» кафедрасы қосылып оқылсын. Қалғаны текст бойынша.

«Ўздавлойха» мәмлекетлик илимий жойбарлаў институты «ҚРжержойбар» Қарақалпақстан Республикасы бөлими жәмәәти усы бөлим хызметкери Бахтияр Аманкуловқа анасы
**Клара УТЕМИСОВАның**
қайтыс болыўына байланыслы кеўил айтады.


«ЕРКИН ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» — «ВЕСТИ КАРАКАЛПАКСТАНА»



Бас редактордың ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы Қурбанбай БАЙНИЯЗОВ

ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛЕР: Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, Министрлер Кеңеси ҳәм редакцияның мийнет жәмәәти.

МӘКАН ЖАЙЫМЫЗ: 230100, Қарақалпақстан Республикасы, Нөкис қаласы, Ислам Кәримов көшеси, 109-жай.

Газета А-2 форматында ҳәптесине 3 рет шығады. Газетаның көлеми 2 баспа табақ. Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасында дизимге алынғанлығы туўралы 2007-жыл 7-февральда берилген гүўалық №01-001.

Бас редактор 222-88-54, Бас редактордың орынбасары 222-88-56, экономика ҳәм социаллық мәселелер редакциясы, жуўаплы секретарь 222-88-52, аграр-экономикалық редакция, жәмийетлик-сиясий редакция, хатлар ҳәм репортажлар редакциясы, реклама ҳәм дағазалар бөлими 222-85-22, бас есапшы 222-88-59.

Газетаның басылыўына «GOLDEN PRİNT NUKUS» ЖШЖ, газетаны тарқатыўға «Өзбекстан почтасы» АЖ Қарақалпақстан филиалы ҳәм «Матбуот тарқатувчи» ЖШЖ жуўапкер.

Газета компьютерде терилди ҳәм офсет усылында басылды.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасынан көширип басылған материалларға газетаның аты көрсетилиўи тийис.

Газета редакциясына келип түскен хатлар, қолжазбалар ҳәм сүўретлер рецензияланбайды ҳәм қайтарылмайды.

Авторлардан көлеми 5 беттен зыят (ҳәр бети 30 машинка қатары) материаллар қабылланбайды.

Реклама ҳәм дағазалардың дурыслығына реклама бериўши жуўапкер.

Тиражы 846 дана.
Буйыртпа №794
Индекси:
пуқаралар ушын: 2008.
кәрханалар ушын: 2009.

Басыўға руқсат етилген ўақты 17.30.

ISSN 2181-5208

Нәўбетши редактор: С.ЖАНИЕВ. Нәўбетши: Г.ЖҮГИНИСОВА.